# Нур

ISSN 0207-6551
12
2019

6+





# ДЫГЪЭГЪАЗЭ МАХУЭЩI

Адыгэм ди пасэрей махуэ лъапIэхэм ящыщщ дыгъэгъазэм и 22-р. Ар дыгъэгъэлъапIэ Iуэхугъуэ, «дыгъэр йощIэж» зыхужаIэ махуэшхуэт. (Илъэс псом махуэу иIэм я нэхъ кIэщIыр, зи жэщ я нэхъ кIыхьыр аращ).

Пщыхьэщхьэм пщIантIэм деж щагъэщIэращIэрт къудамибл зыпыт хьэмкIутIей башыр (боярышник). Абы и къудамэ къэс шэху уэздыгъэ фIагъэтIысхьэрт. А пхъэ «угъурлыр» илъэсым плIэ тхьэлъэIу иращIэкIыу кърахьэжьэрт. Хьэблэу е къуажэу зэхуэсамэ, хьэмкIутIей башым ихъуреягъкIэ пхъэкъуибл хаIурт. Башым фIэт уэздыгъэхэр пызыгъанэр унагъуэм нэхъ щIалэу ис бзылъхугъэрт, и нэкIур къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ гъэзауэ. Махуэшхуэр хъулъхугъэхэм я закъуэу ирагъэкIуэкIмэ, уэздыгъэхэр пызыгъанэр я нэхъ щIалэ дыдэрт. Абы и ужькIэ тхьэмадэм, хьэмкIутIей башым и пащхьэ иувэрти, хъуэхъу жиIэрт:



– Уэ Тхьэ, Тхьэшхуэ!
Ди Тхьэ закъуэ!
Уафэри щIылъэри зезыгъакIуэ,
Тыгъэшхуэ къызыбгъэдэкI,
ЩымыIэр хэзыгъахъуэ,
Телъыджэр зи Iэужь,
Псори зыщыгугъыу
Зыми щымыгугъыж,
Псори зэлъэIуу
Зыми емылъэIуж,
Ди Тхьэ! Зы Тхьэ! Тхьэшхуэ!
ЩыIэ псори зытетыр Хабзэщ,
Хабзэм тету дыгъэм зыкъегъазэ,
Дыгъэм зыкъигъазэмэ,
Махуэр къыдокIуэри,
Махуэ къыдэкIуэм
ФIыгъуэ щIыгъуну,
Дэрэжэгъуэ хуэтщIыну,
ХуэтщIар бэгъуэну,
Бэгъуам зыдэдужьыну
Тхьэшхуэу дыкъэзыгъэщIам жиIэ!

Тхьэлъэlу нэужьым хьэмкlутlей башыр унэм щlахьэрти, Iэнэм пэрытIысхьэрт. А жэщым ирафыр санэхут. Жэщ псор мыжейуэ ирахырт, унагъуэм е ныбжьэгъухэм ядэщIыгъуу. Ажэгъафэр яхэту джэгу ящIырт.

Зыгъэхьэзырар
***ХЬЭТКЪУТ М.***



*Шэрджэс усакIуэ ХЬЭГЪУНДОКЪУЭ РЭМЭЗАН*

## КЪАКIУЭ, КЪАКIУЭ, ИЛЪЭСЫЩIЭ

Илъэсыщlэ, илъэсыщlэ,
Къакlуэ, къакlуэ, къытхуеблагъэ.
Къытхубохьыр насыпыщlэ –
Тщlынущ Хэкур нэхъри гъагъэ!
Илъэсыжьыр дэ тхокlыжыр –
Лъэужьыншэу ар мыкlуэд,
Фlыуэ куэди гум къокlыжыр –
Гуфlэгъуэшхуэу къихьащ куэд.

Лэжьакlуэшхуэу, къару хэлъу,
Илъэсыжьыр сыткlи фlащ,
Къыкъуэкlат абы нэхъ лъэщи,
И шэсыпlэр иратащ.
Уафэм ихьэу ди лъэбакъуэ
Илъэс кlуам дэ щlэуэ тчащ,
Мурадыфlхэм дахуэпабгъэу,
Гъунапкъэщlэхэр къэтщтащ.

Илъэсыщlэми lуэхуфlхэр
Тхуилэжьынущ, дощlэр дэ.
Ди куэдщ дэри мурадыфlхэр,
Къыддэхъунущ, дощlэр дэ!
Щlылъэр дахэщ, къабзэщ уафэр,
Гуапэщ ену дэ ди гъащlэр,
Ди къэралым и унафэр
Дэ зэдэтщтэу догъэзащlэр!

## ЛЪЭРЫЖЭ КЪЕЖЭХ

ЦlыкIухэр джабэм зэрыхьащи,
Уэршэрышхуэр ящхьэщытщ.
Уэсыр я гум ирихьащи,
Гуфlэу джабэм, мес, кlэрытщ.

И лъэрыжэхэр иlыгъыу
Мэмэд цlыкlуи lуащхьэм докl,
Къуэш нэхъыщlэр абы щlыгъущи,
Зигъэлlыхъуу къыхуоплъэкl.

lуащхьэ щыгум ар зэрихуэу,
Джабэ нэкlум къеплъыхащ,
И лъэрыжэхэм, зэблихыу,
Егугъупэу, ар еплъащ.

Къигъуэтащ нэхъ щlыпlэ захуэ,
Ар лъэрыжэм теуващ,
Зыщlэрыlэри дахащэу,
Гъуэгу хэшам хуиунэтlащ.

Къыздежэхым мэхъу нэхъ псынщlэ,
Жьыбгъэр щlихуу ар мэлъей,
Щlэгуфlыкlыу щытщ нэхъыщlэр,
Къехъуэпсауэ къыдоплъей.

Емысахэм куэд къамыкlуу
Уэсым щlевэр, къощэтэх,
Ящымыхъуу ар емыкlуи,
Къотэджыжхэр, мэдыхьэшх.

lуэхум екlур – фlыуэ зекlуэрщ,
Ар цlыху псоми къадэмыхъу,
Мыхъур щыхъур, ерыщ уекlуэмщ,
Уехъулlэнущ, шэч къыумыхь!



## УЭС КЪОС

ЩIыIэщ щIыбыр, уэси къосыр,
Дыгъэр щабэу пшэм къыхопсыр.
ЦIыкIухэр щIыIэм щымышынэ,
Къыщагъафэ мылым чыныр.

Пхъэ лъэрыжэм теувауэ
Зыр къожэхыр, шэ цIывауэ.
Зым лъэрыжэр зыщIилъхьащ,
Къафэу мылым къытехьащ.

НэгъуэщI гупи зэхыхьауэ,
Я нэкIу цIыкIухэр дэпу плъауэ,
Уэс Iэтэшхуэ дращIей,
Къуэхъуэпсыхъуэр ягъэхъей!

Пщащэ цIыкIухэм, егугъупэу,
Уэршэр иныр ящхьэщыту,
ХуащI нэ, пэ, щатIагъэ фащэ,
УэскIурийр ягъэщIэращIэу.

– Дыщышынэкъым дэ щIыIэм,
Дэ уэс къесым дегъэгуфIэр.
Гъэм зэману мыхъун иIэ?
УхуэщIамэ – щIыIэ щыIэ?!

Я фэм ар къыбжеIэ цIыкIухэм.
Мес, къаIуатэ ар я нэкIухэм!
НасыпыфIэщ а сабийхэр,
Хуаби щIыIи зи мыбийхэр!



## ХЬЭКЪУЕЙ

Шылэ мазэр къэсри,
ЩIыгур мылу щтащ.
Хьэблэм цIыкIуу дэсыр
Школхэм къаутIыпщащ.

Сабий зэхуэсахэр
ПщIантIэку дыдэм итщ,
ЗэщIэплъауэ лIыхъухэр
Зы Iуэху гуэрым пылъщ.

Ахэм я мурадыр
Зэуэ наIуэ хъуащ –
ЩыгуфIыкIыу, дадэм
Псори жраIащ.

Къыхахар джэгупIэу,
ПлIимэу къэщIыхьащ.
Гъуэхэм, егугъупэу,
Куэбжэхэр хуащIащ.

ЦIыкIухэм яфIэфIыпсу
Джэгур яублащ,
Хьэшакъыпэм пысу
Топри, мес, ежьащ.

ЗэщIэплъащ джэгунри,
Топыр, мес, мэлъей.
ЦIыху къэрабгъэр зэи
Джэгуркъым хьэкъуей!





# УЭСКІУРИЙ ДОЩІ

***Іэпэlэсэхэм лlэужьыгъуитlу уэсклурий идогъэщl.***

***Япэр***

*Къызыхэфщlыкlынур сурэтым щыволъагъу: лъэпэд кlэщl хужь цlыкlу; хьэ (ячмень) е прунж, гуэдз, хугуу стэчан-стэчанрэ ныкъуэрэ; хьэфэ цlыкlу зыбжанэ; лентl псыгъуэ; шхэпс-пистолет; лэныстэ; щlыlу цlыкlу зыбжанэ е щыгъэ цlугъэнэ.*




Лъэпэдыр зэпывоупщl ***(сур. 1)***.

Абы и lыхьэ нэхъ ин дыдэр къывощтэри зывогъэдзэкl, и бгъуфlэмкlэ зэхувошэри хьэфэ цlыкlукlэ ивогъэубыд. Лъэпэд лъапщэм и къыпыгъэжыпlэмкlэ зэхувошэри ари хьэфэкlэ ивогъэубыд. Ар пыlэщ ***(сур. 2).***




Лъэпэдыр къызывогъэдзэкlыжри хьэр изу ивокlутэ ***(сур. 3),*** и щхьэр хьэфэкlэ фогъэбыдэжри езы къэп цlыкlури хьэфэкlэ тlууэ зэщхьэщывогъэкl: уэскlурийм и щхьэмрэ и пкъымрэ ***(сур. 4).***

Пыlэр фогъэщlэращlэри щхьэрывотlагъэ. И нэзыр дывогъэджэрэзей. Шхэпс-пистолетымкlэ и нэхэр, и пэ цlыкlур, и ныбэм иlэ щlыlухэр кlэрывогъапщlэ. Лентl псыгъуэм сантиметр 20–25 хуэдиз къыпывоупщlри и пщэм иволъхьэж. Фи уэскlурийр хьэзырщ.













1


2

### *EmIуанэр*

Уэс дыдэкIи уэс IэрыщIкIи фщIы хъунущ мыр. Уэс IэрыщIыр хьэлэмэт гуэрщ. Ар пластилиным хуэдэу къэбгъэсэбэп мэхъу. ПщIар уигу иримыхьамэ, аргуэру зэхэбгъэзэрыхьыжу узыхуейр къыхэпщIыкIыж мэхъу.

*Къэдгъэсэбэпынухэр: содэ, шыгъу щабэ, сабыныпс, псы, лэныстэ, щэкI mIэкIу, щIыIу е щыгъэ цIыкIу зыбжанэ, пхъым къыхэупсыкIа пэ цIыкIу, зэпхауэ къудамэ псыгъуэ зыбжанэ.*


3

Тепщэч куум идокIутэ стэчаным и $^{3}/_{4}$ хъун содэ, абы хыдокIутэ шыгъу щабэу бжэмышхышхуитI. Зы бжэмышхышхуэ из сабыныпсрэ бжэмышхышхуитI-щы хуэдиз псырэ хыдокIэ ***(сур. 1).***

Зэхэтлъхьахэр зэIыдощIэ, зэхыдопщэ. Псыр ффIэмащIэмэ – тIэкIу хэфкIэ, ебэкIамэ – содэ хэфкIутэж. Уэс IэшкIэ зэрыфщIым хуэдэу фкъуэмэ, фи Iэм къищIэнущ зыхущыщIэр ***(сур. 2).***

Уэс IэрыщIыр хьэзырщ. Ар IэшкIэшхуищрэ IэшкIэ цIыкIуитIрэ ифщIыкIи, инищыр зэтевгъэтIысхьэж. Мыдрей тIур уэскIуриймй и Iэ цIыкIухэращи, гуэвгъэтIысхьэж ***(сур. 3).***

Хьэзыр хъуа уэскIуриймй и нэ цIыкIухэр хэвгъэтIысхьэ, пэр хэвгъэувэ, щIыIухэри зыщывмыгъэгъупщэ. ПщэдэлъымрэпыIэмрэ щэкI къурэрэ лентI псыгъуэкIэ фхуэщIынущи, фхуэпэж. Чы жыхапхъэр бгъэдэвгъэувэжмэ – уэскIурий цIыкIур къыщIевгъэдзащ.



***Фи уэскIурий сурэтхэр, абы теухуа фи тхыгъэхэр (усэ цIыкIухэр, хъыбархэр, таурыхъхэр) къытхуевгъэхь. Лэжьыгъэ нэхъ хьэлэмэтхэр «Нур» журналым къытеддзэнущ.***

Зыгъэхьэзырар
***БЕКЪАН Масирэтщ***

АБРОКЪУЭ Беллэ



# Бжэрыбжэ. Есэпыр зыдогъащIэ



## БЖЫГЪЭ

Зыр захуэщ,
ТIур къуапэщ,
Щыр щимэщ,
ПлIыр плIимэщ,
Тхур вагъуэщ.



## IЫХЬЭ

Псор тIу пщIымэ – зэхуэдитIщ,
Щы ипщIыкIмэ – зэхуэдищщ,
ПлIыуэ бгуэшмэ – зэхуэдиплIщ,
И Iыхьитхури – зэхуэдитхущ.



## КЪУТАХУЭ

ЗэхуэдитIыр – зым и тIуанэщ,
Хъуамэ щы, зы Iыхьэр – щанэщ,
ПлIы ипщIыкIмэ, я зыр – плIанэщ,
Щыхъум тху – зы Iыхьэр тхуанэщ.

## ПщIырыбжэ; зэхэлъхьэ-зэхэх; гъэбагъуэ-гуэшыкIэ.

1-м 6 хэплъхьэм къыщIедз 7,(+)
2-кIэ 5-р бгъэбагъуэм –10, (x)
2-уэ бгуэшым 8-р мэхъу 4, (:)
9-м 6 хэпхым къонэж 3. (–)

$1+6=7$

$5\times2=10$

$8:2=4$

$9-6=3$

# 0 1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

## Бжыгъэхэр сабийм зэрырагъащIэр

**Зы** – Тхьэшхуэр закъуэщ.
**ТIу** – нитIыр зэдоплъэ.
**Щы** – Iэнэр лъакъуищмэ, мэув.
**ПлIы** – блынджабиплIыр унэщ.
**Тху** – нагъыщэм я нэхъыфIщ.
**Хы** – сыхьэтихыр махуэ зэхуэдитIщ.
**Блы** – Вагъуэзэшиблым загъазэмэ, нэху мэщ.
**И** – вэрэвийм пхъэIэщэр ягъазэ.
**Бгъу** – зы лIыр щыджэдыгуибгъум лIибгъур щыджэдыгуншэщ.
**ПщIы** – Iэпхъуамбэхэр ирокъу.




**Мы дамыгъэхэм бжыгъэу къагъэлъагъуэмрэ къуапэу яIэмрэ зэтохуэ.**



# ЦIыкIураш и лэгъуп

*ДопщафIэ*

***Илъэсыщ**Iэ Iэнэм фи шхыныгъуэ тефлъхьэну фыхуеймэ, ЦIыкIураш и пщэфIапIэм фыкъеблагъэ!*




1


2

## IэфIыкIэ

**Пычень 15–20-м халъхьэр:**

*Шоколад (какао куэду зыхэлъ) – грамм 50;*
*ТхъуцIынэ – г 100;*
*ДжэдыкIэ – 2;*
*Шыгъу – IэпэщIэз (щепоть);*
*Фошыгъу – г 150;*
*Хьэжыгъэ – г 100;*
*Шатэ –г 120;*
*Зыгъэщабэ (разрыхлитель) – зы шей бж.;*
*Какао – г 25.*

**ЗыгъэщIэращIэр:**

*Шоколад (какао куэду зыхэлъ) – г 150;*
*ТхъуцIынэ – г 50;*
*«M&M's» IэфIыкIэ;*
*Пычень хъурейуэ 12–15;*
*«Крендельки» пыченэу 24–30.*

**ХупцIынэ пIащIэ зэхыдощIэ:**

Шоколад (г 50) къутамрэ тхъуцIынэ (г 100) упщIэтамрэ фалъэм илъу псы къэкъуалъэм щхьэщыдогъэувэри догъэтIатIэ ***(сур. 1)***.

ДжэдыкIитIым шатэр (г 120), шыгъур (IэпэщIэз), фошыгъур (г 150) хыдолъхьэ, зэIыдоуд. Ар шоколад зэхэгъэткIухьам хыдокIэжри зэIыдощIэ ***(сур. 2)***.

Хьэжыгъэ ухуэнщIа (г 100), зыгъэщабэ (зы шей бжэмыщх), какао (г 25) хыдокIутэри хупцIынэр зэхыдощIэ ***(сур. 3)***.

ЗэхэтщIар къупхъэхэм (формэхэм) идолъхьэ ***(сур. 4)***.

Хьэкур градус 180-рэ хъуху къыдогъэплъ, къупхъэхэр идогъэувэри дакъикъэ 20–25-кIэ догъажьэ ***(сур. 5)***.


3


4


5


6


7



### ДогъэщIэращIэ:

Шоколадымрэ (г 150) тхъуцIынэмрэ (г 50) фалъэм идолъхьэ, псы къэкъуалъэм щхьэщыдогъэувэри зэIытщIэурэ догъэтIатIэ ***(сур. 6)***.

Шоколад ткIуар кексхэм тыдогъэлъадэ, пыченэ хъурейхэр зырызу тыдогъэтIысхьэри шоколадыр пщтыр щIыкIэ щыхь цIыкIухэм Iупэр, нэджыджхэр яхудотх. «M&M's»-кIэ – нэ, пэ цIыкIухэр яхудощI. Бжьакъуэ папщIэу "крендельки" пыченэр къыдогъэсэбэп. Ди "ИлъэсыщIэ щыхь" цIыкIур хьэзырщ ***(сур. 7)***.

## *Смузи*

### Хэлъыр (цIыхуитI Iыхьэ):

*Кхъуейлъалъэ (творог) – г 100;*
*Зы банан;*
*Шху – мл 200.*

Бананым и фэр тыдох, доупщIатэри фалъэм идолъхьэ ***(сур. 1)***.

Кхъуейлъалъэ (г 100) хыдолъхьэ ***(сур. 2)***.

Шху (мл 200) хыдокIэ, зэIыдоуд. Фо, сироп е фошыгъу хэплъхьэ хъунущ ***(сур. 3)***.

Смузи хьэзырыр стэчанхэм идокIэ, какао тыдогъэщащэ, сэрымэ (мята) тхьэмпэ цIыкIукIэ догъэщIэращIэ. Хьэзырщ!


1


2


3

**КЪАШЫРГЪЭ** *Фатимэ*



МЫСАЧЭ Мурат и «Джэгуакlуэ» теплъэрыlуатэм пыдощэ. Пэщlэдзэр «Нурым» и 10-11-нэ къыдэкlыгъуэхэм тетщ.



# ДЖЭГУАКIУЭ


– Арати, уэри укъэсыжащ. Сэри си шырхэр къыспоплъэ.
– Тхьэм фIыгъуэ къыпхуищIэ, бзум я нэхъ дахэ.
36


– Ей, си джэмыдэ, Iэджэ пцIыи щызэрахъэ мо жылэм. ХеящIэ дымыхъуу хъунукъым.
37


38


39
– Сэ сыхущIыхьэнщ нэчыхь стхыну. ЖырырeIэ.
– Уэрэдыр жевгъэIэ.
– Зегъэхь адэ! Лъапцlэжьхэм я къэвэбжэм дедаIуэу дыкъэхъуакъым дэ.
– Си пшыналъэр сывгъэIуатэ нэчыхьытхым и пэ къихуэу.
40
Гум имылъыр къэзыпсэлъу
Псалъэ нэпцIыр зэзыгъэпцIыр,
ПцIапцIэ ныбэр хуэмыгъэнщIу
Пщы гуфIапщIэм ныщIэнэцIыр
ЦIырмагу* щауэу ныхэIуаи,
Ой-рэ, ой-ри-ра-ри!..
41
– Ди кIуэдыр къокI!
– Емынэ узым къихьа ар мыбы?
42
– Сэ мы джэгуакIуэращ сыкъезыгъэлар, мо бзаджэнаджитIыракъым.










*Цlырмагу – фэ зрамыплъ цIыху.
*Бзэпс – шыкIэпшынэм и Iуданэ (струна).

# «ЩIымахуэм сигу хегъахъуэ» сурэт зэхьэзэхуэ



Мэкъо Миланэ,
Налшык къ., 2-нэ лицей



Шыбзыхъуэ Атланэ,
ХьэтIохъущыкъуей къу., 3-нэ курыт еджапIэ



Псэныкъуэ Руслан,
ХьэтIохъущыкъуей къу., Прогимназие



Джэдгъэф Амбияр,
ХьэтIохъущыкъуей къу., Прогимназие



Сэбаншы Даянэ,
Зеикъуэ къу., 1-нэ курыт еджапIэ



Дидан Лалинэ,
Налшык къ., 11-нэ курыт еджапIэ


*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается С 1 января 1982 года
№ 12 2019 г.

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
*Б. М. АБРОКОВА*

Художественный редактор
*М. ХАЛИЛОВА*

Набор и вёрстка
*Н. РАСТОРГУЕВОЙ*

Корректор
*Ф. КУРАШИНОВА*

Редакционный совет:
*Х. КАРМОКОВ*
*Е. ТХАМОКОВА*
*Х. ТИМИЖЕВ*
*П. ХАТУЕВ*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати 03.12.2019 г.
Выход в свет 26.12.2019 г.
Формат 60х90 $^1/_8$
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak, DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7
Тираж 2055 экз.
Заказ № 348
Индекс 73912

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 14,83 руб.; за 6 мес.– 88,98 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик, пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.

Отпечатано в типографии ООО «Тетраграф» 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 33.

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.